

## FÒMILÈ POU MANDE ODYANS SAN PATIPRI

Gade enstriksyon yo nan do paj la pou enstriksyon sou kijan pou mande yon odyans san patipri.

Non : \_\_\_\_\_ Inisyal dezyèm non : \_\_\_\_\_ Siyati : \_\_\_\_\_

Adrès lapòs : \_\_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Zip kòd : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn : \_\_\_\_\_ Nimewo idantifikasyon manm lan : \_\_\_\_\_ Dat nesans : \_\_\_\_\_

### REZON POU APÈL OU A (Tcheke tout rezon ki valab yo.)

- Revni  Sitwayènte oswa estati nan imigrasyon  Aksè nan a lòt asirans  Kantite moun ki nan fanmi an  Kote w rete  Si nan prizon  
 Lòt

### POUKISA W AP FÈ APÈL LA ?

Ajoute tout dokiman k ap apiye rezon w lan.

### LÒT ENFÒMASYON (Tcheke tout sa ki valab yo.)

- Pandan pwosesis apèl la, m vle kenbe avantaj m te genyen anvan yo. Si m tcheke liy sa a epi m pèdi apèl mwen an, m gendwa oblije remèt lajan avantaj m te resevwa yo pandan apèl mwen an.
- Pandan pwosesis apèl la, mwen aksepte chanjman ki pwopoze nan avantaj mwen yo. Si m tcheke liy sa a epi m genyen apèl mwen an, MassHealth ap retabli avantaj mwen yo nan nivo yo te ye anvan an.
- M chwazi pou jwenn yon antant avan odyans lan (prehearing resolution, PHR). PHR sèlman disponib pou desizyon sou admisiblite. Gade nan do paj la pou plis detay

### KALITE ODYANS LAN AK ARANJMAN (Tcheke tout sa ki valab yo.)

M ta renmen odyans lan fèt

- An pèsòn  
 Nan telefòn. Nimewo telefòn mwen se : \_\_\_\_\_  
 Nan videyo. Imèl mwen se : \_\_\_\_\_
- M bezwen yon entèprèt. Lang m pale a se \_\_\_\_\_ MassHealth ap ba w yon entèprèt pou odyans lan gratis.
- M bezwen yon aparèy ki pou ede m kominike pandan odyans lan. Dekri ki kalite aparèy ou bezwen an. N ap ba w yon aparèy ki pou ede w pandan odyans lan.

- M bezwen yon lòt aranjman pou yon andikap. Dekri ki kalite aranjman ou bezwen.

### NON MOUN K AP REPREZANTE W NAN APÈL LA, SI W GEN YOUN

Non moun k ap reprezante w nan apèl la : \_\_\_\_\_ Nimewo telefòn : \_\_\_\_\_

Adrès lapòs : \_\_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Zip kòd : \_\_\_\_\_

### SIYATI

Enfòmasyon ki sou fòmilè sa a vre e kòrèk, dapre konesans mwen an. Pou rezon apèl sila, mwen otorize MassHealth founi ni mwen ni reprezantan mwen an, si m gen yonn, enfòmasyon endividyèl mwen, ikonpri enfòmasyon sou taks federal ak taks eta ki te itilize pou detèmine elijiblite mwen.

Siyati : \_\_\_\_\_ Dat : \_\_\_\_\_

Non & siyati (Ekri yo an lèt detache)

Si yon reprezantan siyen pou moun k ap fè apèl la ki gen swa 18 lane oswa plis epi ki gen otorite pou fè demann lan, reprezantan sa a dwe ajoute yon kopi otorite l pou fè apèl la onon moun k ap fè apèl la. Pa egzanp, ajoute yon kopi dokiman pwokirasyon oswa prèv tribinal te nome l kòm yon reprezantan pèsònèl.

## KÒMAN POU MANDE POU YON ODYANS SAN PATIPRI

**Dwa w pou fè yon apèl :** Ou gen dwa pou w mande yon odyans devan yon ofisye odyans san patipri epi pou w fè yon apèl kont aksyon MassHealth te pran nan ka ki anba yo :

1. Ou pa dakò ak yon aksyon MassHealth te pran, oswa
2. MassHealth pa t reponn demann ou an nan yon tan rezonab.

**Kijan pou w fè apèl :** Ou gendwa fè apèl nenpòt jan nan sa ki make annapre la :

- Ou ranpli fòmilè demann odyans sa a epi ou voye l ak yon kopi avi w ap fè apèl kont li a bay :

**Board of Hearings  
Office of Medicaid  
100 Hancock Street, 6<sup>th</sup> floor  
Quincy, MA 02171.**

- Ou voye pa faks oswa faks elektwonik materyèl sa yo bay komite odyans lan (Board of Hearings) nan nimewo **(617) 887-8797**
- Ou rele sant sèvis kliyantèl MassHealth nan nimewo **(800) 841-2900, TDD / TTY : 711**, pou w ranpli nan telefòn fòmilè demann pou yon odyans san patipri.

**Kesyon :** Si w gen yon kesyon ou vle mande konsènan odyans lan, sonnen komite odyans lan nan nimewo (617) 847-1200 oswa (800) 655-0338.

**Kontrent tan :** Komite odyans lan dwe resevwa demann ou ki ranpli konplètman e ki gen siyati w nan espas 60 jou apati dat ou te resevwa avi sou desizyon nou an. Si ou pa t resevwa yon avi alekri sou desizyon an oswa MassHealth pa t pran yon desizyon sou aplikasyon w lan, ou dwe voye demann ou an, pa pita pase 120 jou, apati dat yo te pran desizyon an oswa dat ou te fè aplikasyon an.

**Antant anvan odyans lan (prehearing resolution, PHR) :** Opsyon sila sèlman pou apèl sou elijibilite. Ou gendwa chwazi opsyon sa a si w ta renmen rezoud yon pwoblèm anvan yo fè yon odyans san patipri ofisyèl. Si w chwazi yon PHR, MassHealth ap kontakte w. Nan kèk sitiyasyon, komite odyans lan gendwa fikse yon dat anvan MassHealth kominike ak ou. Ou gendwa chwazi yon PHR pou rezoud pwoblèm an rapò ak elijibilite tankou yon enfòmasyon pou kontakte w ki pa t korèk, soumèt dokiman ki te manke oswa fè renouvèlman, eksplike verifikasyon revni oswa yon desizyon sou elijibilite. Opsyon PHR la pa pou desizyon ki pa an rapò avèk elijibilite

**Odyans san patipri :** Si yo pa ka rezoud yon pwoblèm nan antant anvan odyans lan, komite odyans lan ap bay yon dat pou yo fè yon odyans konplè. Yon ofisye odyans lan pral deside si desizyon MassHealth te pran te apwopriye. Apre sa y ap enfòme w sou desizyon sa a.

**Odyans an ijans :** Nan kèk ka limite, yo ka fè yon odyans an ijans. Komite odyans lan ap otomatikman mete yon randevou pou yon odyans an ijans si sa nesèsè.

**Si w ap resevwa avantaj MassHealth yo kounye a :** Ou ka elijib pou w kontinye resevwa avantaj ou yo, ant lè ou fè apèl la ak tan komite odyans lan (Board of Hearings) ap pran yon desizyon pou apwouve, oswa rejte apèl ou a. Si ou deside kontinye resevwa avantaj yo pandan yo pa ko pran yon desizyon sou apèl la, e si apres a ou pèdi apèl ou a, ou gendwa oblije remèt lajan avantaj ou te resevwa yo. Si ou pa t resevwa avantaj yo, epi apre ou genyen apèl ou a, MassHealth ap retabli avantaj ou yo. W ap kontinye resevwa avantaj ou yo, si yo resevwa fòmilè odyans lan anvan yo sispann avantaj yo, oswa nan espas 10 jou apati dat ou te resevwa avi MassHealth la, selon sa ki te rive apre a. Tanpri, make chwa ou fè a nan seksyon **Lòt enfòmasyon** nan fòmilè a.

**Dat odyans san patipri a :** Omwen 10 jou anvan odyans lan, komite odyans lan ap voye ba ou yon avi, k ap enfòme w sou dat, lè ak ki kote odyans lan ap fèt. Odyans ou an ka fèt nan telefòn. Ou ka mande nou pou nou chanje dat yon odyans, men ou dwe gen yon rezon valab pou sa. Si ou pa chanje dat la, oswa ou pa vini alè nan odyans lan, san w pa t gentan bay yon rezon valab, y ap rejte apèl ou a.

**Dwa w pou w jwenn èd nan odyans lan :** Nan odyans lan, ou gendwa fè yon avoka, oswa yon lòt moun reprezante ou, oswa ou gendwa reprezante tèt ou poukont ou. MassHealth pa p peye okenn moun pou reprezante w. Ou gendwa kontakte yon sèvis èd legal lokal, oswa yon ajans kominotè, pou wè si yo ka ba ou konsèy oswa yon reprezantan gratis. Epiou, yon moun ki otorize pou pran desizyon pou ou, ka fè yon demann pou odyans pou ou. Si se yon lòt moun apa yon avoka k ap fè demach yo pou ou, tanpri tache yon kopi dokiman an ki bay moun lan otorizasyon pou fè demann odyans lan pou ou, tankou yon pwokirasyon, dokiman li se gadyen w oswa yon klinisyen te deklare li ka pran desizyon pou ou.

**Si w bezwen yon entèprèt, yon aparèy pou ede w, oswa lòt aranjanman :** Si ou pa konprann anglè, oswa si w tande di, oswa gen pwoblèm pou wè, MassHealth ap ba ou yon entèprèt oswa yon aparèy pou ede w tande gratis pandan odyans lan. Anplis de sa, n ap fè lòt aranjanman rezonab yon moun ki gen andikap ka bezwen pou l patisipe nan odyans lan. Tanpri, fè nou konnen sa ou bezwen nan seksyon **Kalite odyans lan ak aranjanman** nan fòmilè a.

**Dwa w pou w revize dosye ka w la :** Oumenm oswa reprezantan w lan ka revize dosye ka w la anvan odyans lan. Si ou vle revize dosye ka w la, sonnen sant sèvis kliyantèl MassHealth nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711.

**Dwa ou pou w mande pou gen temwen dapre lalwa ak dwa pou w poze kesyon :** Oumenm, oswa reprezantan w lan, gendwa ekri komite odyans lan pou ekzije temwen oswa dokiman asiyen pou konparèt pou odyans lan. Oumenm, oswa reprezantan w lan, gendwa prezante prèv ak kesyone temwen yo pandan odyans lan. Ofisye odyans lan ap pran yon desizyon ki baze sou tout prèv ki prezante nan odyans lan.

**Enpak sou lòt manm nan kay la :** Yon desizyon yo pran nan apèl, pou yon moun nan kay la, gendwa lakòz chanjman nan elijibilite tout lòt moun nan kay la. Si sa rive, tout moun nan kay la ki afekte yo ap resevwa yon nouvo avi sou elijibilite yo, k ap bay eksplikasyon sou chanjman yo.